

Etablisman dyaliz la dwe enfòme pasyan yo (oswa reprezantan yo) konsènan dwa yo genyen (ki enkli dwa sou vi prive yo) ak responsabilite yo lè yo kòmanse trètman yo a epi yo dwe pwoteje ak respekte egzèsis dwa sa yo.

### ***ANTANKE YON KONSOMATÈ DYALIZ, MWEN GEN DWA...***

- Ak respè, diyite, epi rekonesans endividyalite mwen ak bezwen pèsonèl mwen yo, epi sansibilite pou bezwen sikolojik mwen yo ak kapasite mwen pou fè fas ak Maladi Ren nan Faz Tèminal (End-Stage Renal Disease, ESRD) la;
- Ak vi prive epi konfidansyalite nan tout aspè trètman mwen an;
- Pou m resevwa tout enfòmasyon yo nan yon fason mwen ka konprann;
- Ak vi prive epi konfidansyalite nan dosye medikal mwen;
- Pou yo enfòme mwen epi pou mwen patisipe, si mwen vle, nan tout aspè swen mwen yo, epi pou yo enfòme mwen sou dwa m genyen pou m refize yon trètman, sispann yon trètman, ak refize patisipe nan rechèch eksperimental;
- Pou yo enfòme mwen sou dwa mwen pou egzekite direktiv alavans, ak politik etablisman an konsènan direktiv alavans yo;
- Pou yo enfòme mwen sou tout modalite trètman yo ak anviwònman kote yo gen pou yo fèt yo, ki enkli, men ki pa limite sèlman ak, grèf, modalite dyaliz adomisil yo (emodyaliz adomisil, dyaliz peritoneyal pa entèmitans, dyaliz peritoneyal kontinyèl, dyaliz peritoneyal siklik kontinyèl), ak emodyaliz nan etablisman. Mwen gen dwa pou m resevwa enfòmasyon sou modalite dyaliz etablisman an pa ofri, ki enkli enfòmasyon sou opsyon orè altènatif pou pasyan ki ap travay yo;
- Pou yo enfòme mwen sou politik etablisman an konsènan swen pasyan yo, ki enkli, men ki pa limite sèlman ak, izòlman pasyan yo;
- Pou yo enfòme mwen sou politik etablisman an konsènan re-itilizasyon founiti dyaliz yo, ki enkli emodyalizè yo;
- Pou doktè, enfimye/è pratikan, enfimye/è ki espesyalize nan zafè klinik, oswa asistan doktè ki ap trete mwen pou ESRD a enfòme mwen konsènan eta sante mwen jan sa dokimante nan dosye medikal mwen an, sof si dosye a gen yon kont-endikasyon ki dokimante ladan l;
- Pou yo enfòme mwen sou sèvis ki disponib nan etablisman an ak frè pou sèvis Medicare pa kouvri yo;

- Pou m resevwa sèvis ki nesesè ki dekri nan plan swen mwen an;
- Pou yo enfòme mwen sou règ ak atant etablisman an konsènan konpòtman ak responsabilite pasyan yo;
- Pou yo enfòme mwen sou pwoesisis doleyans entèn etablisman an;
- Pou yo enfòme mwen sou dwa mwen genyen pou m depoze plent entèn oswa ekstèn, oswa toude, san reprezay oswa refi sèvis, epi pou yo enfòme mwen sou lefèt mwen ka depoze plent la pèsonèlman, an anonim oswa atravè yon reprezantan mwen chwazi; epi
- Pou yo enfòme mwen sou politik etablisman an konsènan egzeyat ak transfè, egzeyat woutin oswa envolontè, ak sispansyon sèvis pasyan yo resevwa; pou m resevwa yon avi alekri 30 jou anvan yon pwosedi egzeyat envolontè. (Nan ka yon menas imedya ak grav yon pasyan fè kont yon lòt pasyan oswa yon manm pèsonèl, etablisman an gen dwa pou l fè yon egzeyat envolontè imedya pou asire sekirite tout moun.)

### ***ANTANKE YON KONSOMATÈ DYALIZ, MWEN GEN RESPONSABILITE . . .***

- Pou mwen trete lòt pasyan yo ak manm pèsonèl yo jan mwen t a renmen yo trete m, avèk respè;
- Pou peye fakti mwen alè. Si sa difisil pou mwen, mwen ka mande yon plan pèman;
- Pou enfòme ekip swen sante mwen an si mwen refize nenpòt trètman oswa medikaman doktè mwen an te preskri;
- Pou enfòme ekip swen sante mwen an si mwen pa konprann eta sante mwen oswa plan trètman mwen an;
- Pou mwen rive alè pou trètman yo oswa lè mwen gen randevou avèk doktè mwen an;
- Pou di manm pèsonèl yo nan sant lan si mwen konnen mwen pral anreta oswa rate yon trètman oswa randevou avè doktè mwen an;
- Pou di ekip swen sante mwen an si mwen gen pwoblèm medikal, si mwen pral kay dantis, si yon lòt doktè ap ban m trètman, oswa si mwen te ale lopital resamman;
- Pou mwen patisipe nan planifikasyon pwòp swen mwen epi ale nan reyinyon plan swen yo lè sa posib;
- Pou evite itilize langaj ki pa apwopriye oswa ki menasan;
- Pou suiv règ ak règleman sant lan;
- Pou aprann kisa yon ijans ye ak ki aksyon yo dwe pran nan sitiyasyon ijans yo;
- Pou mwen ale nan sant lan pou trètman mwen yo epi pou m tounen lakay mwen. Medicare pa peye pou transpò.